**Pou Piblikasyon Imedya:** 05/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON KI RANFÒSE ENSPEKSYON SOU TOU REFWADISMAN YO NAN VIL NOUYÒK

***Nouvo lwa a egzije sètifikasyon pou tou refwadisman de fwa pa ane, entèvansyon pi rapid pou danje sante ak penalite ki pi sevè pou sanksyon***

***Egzijans yo pral ede diminye ekspozisyon Nouyòkè yo a bakteri Lejyonèl***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon lwa jodi a ki egzije pou pwopriyetè ak operatè tou refwadisman nan Vil Nouyòk sètifye ke yo te enspekte, teste, netwaye epi dezenfekte tou refwadisman yo an konfòmite avèk Kòd Administratif Vil Nouyòk la. Tou refwadisman yo kapab sous epidemi bakteri tankou maladi lejyonè a, ki lakòz sentòm grip epi ki ka fatal. Lejislasyon an fikse delè pou pwopriyetè bilding yo avize Depatman Bilding nan Vil Nouyòk (New York City Department of Buildings, NYC DOB) epi pran mezi pou repare nenpòt danje sante piblik nan tou refwadisman yo epi li ogmante penalite sivil pou pwopriyetè bilding ki pa rapòte oswa adrese pwoblèm sa yo.

"Pwoteje sante ak sekirite Nouyòkè yo se pi gwo priyorite mwen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Dènye epidemi maladi lejyonè yo souliye ijans egzijans sètifikasyon yo, epi nou pa ka btann pou nou travay avèk Vil la pou asire ke yo pwoteje Nouyòkè yo kont menas sante piblik sa yo."

Lejislasyon an (S08472-A/A09058A) pral egzije sètifikasyon de fwa pa ane ki dwe fèt an janvye ak jiyè chak ane oubyen nan dat ki espesifye pa NYC DOB. Anplis de sa, li klarifye ke pwopriyetè bilding lan dwe pran mezi pou adrese defisyans antretyen yo pi vit posib men pa pita pase 48 èdtan, epi li dwe notifye NYC DOB epi pran mezi pou adrese nivo mikwòb ki prezante yon menas grav pou sante pi vit posib men pa pita pase 24 èdtan. Li ogmante tou penalite sivil pou vyolasyon yo a 2,500 dola pou yon premye vyolasyon, 7,000 dola pou yon dezyèm vyolasyon oswa vyolasyon ki vin apre, epi jiska 12,500 dola pou yon vyolasyon ki lakòz yon lanmò oswa yon blesi grav.

**Komisè Sante Eta Nouyòk, Doktè James McDonald, te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou lejislasyon sa a ki kontinye fè avanse règleman Eta Nouyòk yo ki se lidè nan nasyon an pou tou refwadisman yo epi redwi ekspozisyon piblik la a ak *Bakteri Lejyonèl (Legionella).* Operatè tou refwadisman yo ta dwe asire yo ke y ap fè tès ak tretman nan entèval ki nesesè yo. Depatman an ap kontinye fè aktivite pou kontakte depatman sante lokal yo ak founisè swen sante yo pou sansibilize moun

sou nemoni pandan sezon ete a epi pou ankouraje yo pran echantiyon klinik pou *Bakteri Lejyonèl* lè yon pasyan prezante ak nemoni pandan mwa ete yo."

**Majistra Vil Nouyòk, Zohran Mamdani, te deklare,** "Pou pwoteje Nouyòkè yo, sa vle di anpeche epidemi yo anvan yo rive lè nou rann pwopriyetè bilding yo responsab pou antretyen tou refwadisman yo. Vil Nouyòk gen règleman ki pi sevè sou tou refwadisman nan peyi a, sa ki egzije enspeksyon, antretyen ak tès regilye pou anpeche Bakteri Lejyonèl la gaye. Chak ane, nou rann pwopriyetè yo responsab ak plizyè santèn milye dola an amann, epi nou akeyi nenpòt opòtinite pou ranfòse pwoteksyon sa yo pi plis toujou. Chak Nouyòkè merite konnen ke vil yo a ap fè tout sa ki posib pou pwoteje sante yo."

**Prezidan Konsèy Minisipal Vil Nouyòk la, Julie Menin, te deklare,** "Okenn fanmi pa ta dwe janm pèdi yon moun ou renmen akòz yon epidemi maladi Lejyonè ki ka evite. Lejislasyon sa a se yon etap enpòtan pou ranfòse responsablite epi asire ke yo enspekte, rapòte, epi repare tou refwadisman danjere yo anvan yo mete lavi moun an danje. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa a epi pou angajman li pou pwoteje Nouyòkè yo. Nan nivo Vil la, Konsèy la ap kontinye fè presyon pou plis refòm atravè yon odyans siveyans konplè ak yon pake lejislasyon septanm sa a pou ranfòse prevansyon, transparans ak pwoteksyon sante piblik pou yon epidemi nan nivo sa a pa janm rive ankò."

**Senatè Eta Cordell Cleare, te deklare,** "Mwen te ekri pwojè lwa sa a yon ane de sa pandan epidemi lejyonè Harlem nan epi mwen rekonesan anvè Gouvènè a dèske li te siyen l byen vit. Mwen anvi travay avèk Gouvènè Hochul sou yon seri solisyon konplè pou asire ke dlo nou an, soti nan sous rive nan tiyo, rete pwòp."

**Manm Asanble a Jordan Wright te deklare,** "Maladi lejyonè a se yon menas sante piblik grav ki ka evite, epi nou pa kapab tann jiskaske Nouyòkè yo vin malad — oubyen pi mal — pou nou aji. Lejislasyon sa a ranfòse pwoteksyon nou yo lè li egzije tès ak sètifikasyon pi souvan pou tou refwadisman yo, li etabli delè klè pou adrese kondisyon danjere yo epi li enpoze penalite ki pi sevè sou pwopriyetè bilding yo ki pa fè pati pa yo pou pwoteje piblik la. Mwen fyè dèske mwen te defann lejislasyon sa a paske chak Nouyòkè merite konnen ke kote yo rete, travay, epi rasanble yo an sekirite. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li ak pou lefèt ke li te siyen mezi enpòtan sa a pou fè l vin yon lwa. Patenarya li a ede nou pran yon gwo pa nan direksyon pou anpeche epidemi alavni, rann pwopriyetè neglijan yo responsab epi pwoteje sante ak sekirite Nouyòkè yo."

**Manm Asanble Amy Paulin, te deklare,** "Twòp fanmi atravè eta nou an soufri pèt ki te ka evite akòz maladi Lejyonè a. Chak Nouyòkè merite asirans ke bilding ki bò kote yo an sekirite epi ke pwopriyetè yo responsab. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan siyen mezi enpòtan sa a pou pwoteje sante piblik la."

Maladi lejyonè a koze pa bakteri *Lejyonèl* ki grandi nan dlo tyèd. Maladi a gaye atravè vapè dlo ki gen bakteri a ladan l. Li se yon kalite nemoni ki lakòz sentòm grip, tankou

lafyèv, frison, doulè nan misk, ak tous. Yo ankouraje nenpòt moun ki kwè yo trape maladi Lejyonè a pou yo kontakte founisè swen sante yo touswit.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.